

**NINGKATAKEN KETRAMPILAN MAOS GEGURITAN KANTHI
METODE QUANTUM LEARNING ING SISWA KELAS XII AP 1
SMK NEGERI 2 MAGELANG
TAHUN PELAJARAN 2016/ 2017**

Tesis

**Kangge Hanjangkepi Saperangan Syarat Anggayuh Drajat Magister
Program Studi Magister Pendidikan Bahasa**



**Kaanggit dening
Evi Mukti Rachmawati
NIM 15PSC01716**

**PROGRAM PASCASARJANA
UNIVERSITAS WIDYA DARMA KLATEN
2017**

PASARUJUKAN

**NINGKATAKEN KETRAMPILAN MAOS GEGURITAN KANTHI
METODE QUANTUM LEARNING ING SISWA KELAS XII AP 1
SMK NEGERI 2 MAGELANG
TAHUN PELAJARAN 2016/ 2017**

Dening

Evi Mukti Rachmawati

NIM 15PSC01716


Sampun Pikantuk Pasarujukan dening Pamong

Pamong I

Tapak Asma


Tanggal

Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum.
NIP. 19600412 198901 1 001



1/4
2017

Pamong II



1/4
2017

Dr. Hj. Esti Ismawati, M. Pd
NIP. 19611018 198803 2 001

Kauningan,

Ketua Program Studi







Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum.
NIP. 19600412 198901 1 001

PENGESAHAN


NINGKATAKEN KETRAMPILAN MAOS GEGURITAN KANTHI
METODE QUANTUM LEARNING ING SISWA KELAS XII AP 1
SMK NEGERI 2 MAGELANG
TAHUN PELAJARAN 2016/ 2017

Dipunanggit dening
Evi Mukti Rachmawati
NIM 15PSC01716

Sampun dipunsarujuki lan dipunsahekan dening Tim Penguji :

Nama	Tapak Asma	Tanggal
Prof. Dr. Herman J. Waluyo, M.Pd NIP. 690115345		13/18 /3
Dr. Hersulastuti, M.Hum NIP. 19650421 198703 2 002		13/18 /3
Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum. NIP. 19600412 198901 1 001		13/18 /3
Dr. Hj. Ești Ismawati, M. Pd NIP. 19611018 198803 2 001		13/18 /3

Kauningan,



Direktur Program Pascasarjana

Prof. Dr. Herman J. Waluyo, M.Pd
NIP. 690115345

Ketua Program Studi

Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum.
NIP. 19600412 198901 1 001

PRATELA

Ingkang tapak asma ing ngandhap punika, kula

Nama : Evi Mukti Rachmawati
NIM : 15PSC01716
Jurusan/ Program Studi : Bahasa Jawa/ Pendidikan Bahasa
Program : Pascasarjana

Mratelakaken seratan kula piyambak. Prakawis ingkang sanes karya kula ing salebeting *tesis* punika dipunsukani tanda *sitasi* lan dipuntedahaken ing salebeting kapustakan.

Mbok bilih ing mangkenipun kabukten bilih pratela kula punika mboten leres, kula sagah nampi *sanksi akademik* inggih punika batalipun gelar Magister Pendidikan saking Universitas Widya Dharma Klaten.

Klaten, Oktober 2017

Ingkang damel pratela



Evi Mukti Rachmawati

MOTTO

*“Lakoning urip iku, manungsa hamung wayang, kabeh lakune wis ginaris dening
dalang, yaiku Gusti Kang Akarya Jagad”*

*Eling lan waspadha tumraping godhan dhonyo,
Godhan kang tanpa winates,
kang kebak pangapus-apus,
hamung bisa nyenyuwun tanpa wates,
mugi Gusti tansah paring piwales*

ER.2892017

PISUNGSUNG

Raos syukur konjuk ing ngarsanipun Gusti Kang Akarya Jagad, karya punika pisungsungaken dumateng :

1. Tiyang sepuh kula kang tansah paring donga pangestu.
2. Semah saha anak kula ingkang tansah nyurung donga lan semangat.
3. Para kadang lan sederek kula.
4. Bp/ Ibu Guru saha siswa SMKN 2 Magelang.

ATUR PANGGLANTAR

Puji syukur konjuk dumateng ngarsanipun Pangeran Ingkang Mahaasih tuwin Mahamirah, awit saking lubering sih kanugrahan satemah kula saget nyekapaken tesis kanthi irah-irahan NINGKATAKEN KETERAMPILAN MAOS GEGURITAN KANTHI METODE QUANTUM LEARNING ING SISWA KELAS XII AP 1 SMK NEGERI 2 MAGELANG TAHUN PELAJARAN 2016/2017.

Tesis punika kaanggit minangka kangge hanjangkepi saperangan syarat anggayuh drajat Magister Program Studi Pendidikan Bahasa ing Universitas Widya Dharma Klaten.

Awit saking peparingan pambyantu kangge nyekapi tesis punika, pramila panganggit ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpa pepindhan dhumateng :

1. Bapak Prof. Dr. H Triyono, M.Pd, Rektor Universitas Widya Dharma Klaten.
2. Bapak Prof. Dr. Herman J. Waluyo, M.Pd, Direktur Program Studi Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten.
3. Bapak Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum, Ketua Program Studi Pendidikan Bahasa Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten, ugi kaleresan Pangarsa Tim Penguji Tesis ingkang sampun paring panjurung lan pengarah tesis punilka.
4. Ibu Dr. Hj. Esti Ismawati, M.Pd, minangka Tim penguji II, ingkang sampun paring bimbingan Tesis punika.

5. Drs. Supriyatno, M.Pd, minangka Kepala Sekolah SMK Negeri 2 Magelang, ingkang sampun paring ijin dumateng panganggit kangge ngrampungaken panaliten ing sekolahan punika.
6. Ibu Setyarini, S.Pd ingkang sampun paring wedal, pambiyantu saha minangka kolaborator kaleksanan panaliten punika.
7. Keluarga Bp. Heriyanto, Mbak Atik, Mas Hendro, Dian, Ibu Sugiyem, Alm. Bp. Dharmo Diharjo, Mugi Rahayu, Supriyadi, Giyastono, Tri Wahyuni ingkang sampun paring *motivasi* sahingga tesis punika saged rampung.
8. Kanca-kanca pascasarjana ingkang tansah paring pambiyantu ing panyusunan tesis punika.

Tesis kang irah-irahan “Ningkataken Ketrampilan Maos Geguritan Kanthi Metodhe Quantum Learning Ing Siswa Kelas XII AP 1 SMK Negeri 2 Magelang Tahun Pelajaran 2016/ 2017” minangka penelitian tindakan kelas. Panaliten punika ing pangajab saged paring guna lan paedah kang jumbuh kaliyan pasinaon bahasa Jawa ing sekolah.

Klaten, Oktober 2017

Panganggit

DHAFTAR ISI

PASARUJUKAN	ii
PENGESAHAN	iii
PRATELA	iv
MOTTO.....	v
PISUNGSUNG	vi
ATUR PANGLANTAR.....	vii
DAFTAR ISI.....	ix
DAFTAR TABEL.....	xii
DAFTAR GAMBAR	xiii
SARIPATIH.....	xiv
ABSTRAK	xv
ABSTRACT.....	xvi
BAB I PURWAKA.....	1
A. Lelarahing Prakawis	1
B. Rumusaning Prakawis	7
C. Ancasing Panaliten	7
D. Mumpangating Panaliten.....	8
BAB II LAMBARAN TEORI SAHA TINJAUAN PUSTAKA	9
A. Lambaraning Teori ..	9
1. Maos	9
a. Pangertosan maos	9
b. Tujuanipun maos	12
c. Jinising maos	14
d. Pangertosan <i>geguritan</i>	15
e. Struktur <i>geguritan</i>	19
f. Struktur fisik <i>geguritan</i>	19
g. Struktur batin <i>geguritan</i>	21
h. Pangertosan maos <i>geguritan</i>	23
2. Hakikat Metode <i>Quantum Learning</i> teknik TANDUR	25
a. Pangertosan <i>Quantum Learning</i>	25

	b. Karakteristik <i>Quantum Learning</i>	26
	c. Proses Utama <i>Quantum Learning</i>	27
	3. Aplikasi Metode <i>Quantum Learning</i> teknik TANDUR ing	
	Pasinaon Maos Geguritan	27
	B. Tinjauan Pustaka	29
	C. Raganganing Pamikir	32
	D. Hipotesis	34
BAB III	METODOLOGI PANALITEN	35
	A. Metode Panaliten	35
	B. Subjek Panaliten	35
	C. Data lan Sumber Data.....	36
	D. Teknik Ngempalaken Data	36
	E. Validitas Data	39
	F. Teknik Pangonceking Data.....	40
	G. Indikator Kerja.....	40
	H. Prosedur Panaliten	40
	I. Jadwal Panaliten	45
BAB IV	PIKANTUKIPUN DATA SAHA PANGONCEKIPUN	47
	A. Pikantuking Data	47
	1. Kondisi Sakderengipun Tindakan	44
	2. Deskripsi Asil Panaliten	54
	a. Siklus Kapisan	54
	1) Ngrencanakaken.....	54
	2) Lampahing Tindakan	59
	3) Lampahing Proses Pengamatan	61
	4) Pepanggihan Kaping Kalih	68
	5) Pengamatan lan Evaluasi	70
	6) Refleksi	75
	b. Siklus Kaping Kalih	76
	1) Ngrencanakaken.....	76
	2) Lampahing Proses Pengamatan	80

	3) pepanggihan kaping sepisan	81
	4) Pengamatan lan Evaluasi	89
	5) Refleksi	98
	B. Pangoncekipun	99
	1. Pembahasan Asil	99
BAB V	PANUTUP	107
	A. Dudutan	107
	B. Implikasi	109
	C. Saran	111
	KAPUSTAKAN	113
	LAMPIRAN	115

DAFTAR TABEL

Tabel 1 Rerincen Jadwal Paneliten	46
Tabel 2 Keaktifan siswa maos geguritan (Prasiklus)	52
Tabel 3 Kabisan siswa maos geguritan (Prasiklus)	52
Tabel 4 Keaktifan siswa maos geguritan (Siklus Kapisan)	72
Tabel 5 Kabisan siswa maos geguritan (Siklus Kapisan)	74
Tabel 6 Keaktifan siswa maos geguritan (Siklus Kaping Kalih)	95
Tabel 7 Kabisan maos geguritan (Siklus Kaping Kalih)	97
Tabel 8 Hsil pengamatan tumrap keaktifan siswa sadangunipun nderek Pawucalan	100
Tabel 9 Asil tes ketrampilan maos geguritan ngginakaken <i>Quantum Learning</i> Teknik TANDUR	103

DAFTAR GAMBAR

Gambar 1. Raganganing Pamikir	33
Gambar 2. Siswa dereng ketingal fokus ing pasinaon	50
Gambar 3. Siswa ketingal isin nalika ajeng maos geguritan	51
Gambar 4. Panaliti rerembagan kaliyan kolaborator	59
Gambar 5. Guru ngajak siswa kangge perang parikan	63
Gambar 6. Guru paring bimbingan nalika siswa diskusi	65
Gambar 7. Pamaosan geguritan dening siswa cekap sae ing siklus kapisan ..	67
Gambar 8. Guru saha siswa nindakaken perayaan kangge mungkasi Piwucalan	67
Gambar 9. Guru paring tuladha pamaosan geguritan lumantar audio visual..	68
Gambar 10. Keaktifan siswa ing siklus kaping pisan	73
Gambar 11. Keaktifan siswa ing siklus kaping pisan	74
Gambar 12. Siswa nembe siap-siap perang parikan	82
Gambar 13. Keaktifan siswa ing siklus kaping kalih	96
Gambar 14. Keaktifan siswa maos geguritan ing siklus kaping kalih	97
Gambar 15. Perbandingan Keaktifan siswa wonten ing siklus kaping pisan Saha kaping kalih	101
Gambar 16. Perbandingan ketrampilan maos geguritan siswa wonten ing Siklus kapisan lan kaping kalih	103

SARI PATIH

Evi Mukti Rachmawati, 15PSC017016, 2017 Ningkataken Ketrampilan Maos Geguritan Kanthi Metode Quantum Learning Ing Siswa Kelas XII AP 1 SMK Negeri 2 Magelang, Tahun Pelajaran 2016/ 2017, Tesis : Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten.

Paneliten punika minangka paneliten tindakan kelas kanthi tujuan kangge ningkataken aktivitas siswa saha ketrampilan maos geguritan siswa kelas XII AP 1 SMK Negeri 2 Magelang, kanthi metode *Quantum Learning*.

Subjek panaliten punika siswa kelas XII AP 1 SMK Negeri 2 Magelang, kanthi jumlah 35 siswa, 2 siswa kakung saha 33 siswa setri. Data panaliten kapundhut lumantar dwija, siswa ing pasinaon maos geguritan kanthi metode *Quantum Learning*. Teknik pangempalan data kaleksanan lumantar observasi, wawancara, dokumentasi, unjuk kerja saha angket. Teknik pamariksaan validitas data migunakaken analisis komparatif. Siswa dipunsajar kasil menawi nggayuh biji tuntas 75 saha peningkatan 81,25% ing keaktifan saha kabisan maos geguritan.

Penerapan metodhe *Quantum Learning* ing pasinaon maos geguritan nuduhaken peningkatan. Peningkatan keaktifan siswa maos geguritan katunduhaken saking prasiklus mboten wonten siswa ingkang aktif, siswa aktif namung 5, 14, 28 % bilih siswa ingkang kirang aktif 85, 71 %. Wonten ing siklus kapisan keaktifan siswa ngalami peningkatan, wonten siswa ingkang sanget aktif 8,5 %, siswa aktif 14, 2 %, siswa cekap aktif 37,1 %, saha siswa kirang aktif 40 %. Wonten ing silus kaping pindho langkung nglampahi peningkatan ingkang sae, siswa ingkang sanget aktif 28,5 %, siswa aktif 45, 7 %, siswa cekap aktif 14,2 % saha siswa kirang aktif 11, 4%.

Wosing tembung : Ketrampilan maos geguritan, *Quantum Learning*

ABSTRAK

Evi Mukti Rachmawati, 15PSC017016, 2017 Ningkataken Ketrampilan Maos Geguritan Kanthi Metode Quantum Learning Ing Siswa Kelas XII AP 1 SMK Negeri 2 Magelang, Tahun Pelajaran 2016/ 2017, Tesis : Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten.

Penelitian ini merupakan penelitian tindakan kelas dengan tujuan untuk meningkatkan keaktifan siswa dan kemampuan membaca *geguritan* siswa kelas XII AP 1 SMK Negeri 2 Magelang, dengan menerapkan metode *Quantum Learning*.

Subjek penelitian ini adalah siswa kelas XII AP 1 SMK Negeri 2 Magelang. Jumlah siswa adalah 35 siswa, terdiri dari 2 siswa putra dan 33 siswa putri. Data penelitian diperoleh melalui guru dan siswa dalam kegiatan pembelajaran membaca *geguritan* melalui metode *Quantum Learning*. Teknik pengumpulan data dilaksanakan melalui observasi, wawancara, dokumentasi, unjuk kerja dan angket. Teknik pemeriksaan validitas data menggunakan analisis komparatif. Siswa dikatakan berhasil apabila mencapai nilai ketuntasan 75 dan terjadi peningkatan 81, 25 % pada keaktifan dan kemampuan membaca *geguritan*.

Penarapan metode *Quantum Learning* pada pembelajaran membaca *geguritan* menunjukkan peningkatan. Peningkatan keaktifan membaca *geguritan* diunjukkan dari nilai prasiklus tidak ada siswa aktif dan siswa aktif, siswa aktif 5, 14, 28 %, sedangkan siswa kurang aktif 85, 71%. Pada siklus pertama keativan mengalami peningkatan, terdapat siswa sangat aktif 8,5%, siswa aktif 14, 2%, siswa cukup aktif 37, 1%, dan siswa kurang aktif 40%. Pada siklus kedua mengalami peningkatan, adapun siswa sangat aktif 28,5%, siswa aktif 45,7 %, siswa cukup aktif 14, 2%, siswa kurang aktif 11, 4%

Kata Kunci: Kemampuan Membaca, *Geguritan Quantum Learning*

ABSTRACT

Evi Mukti Rachmawati, 15PSC017016, 2017, *Ningkatakan Ketrampilan Maos Geguritan Kanthi Metode Quantum Learning Ing Siswa Kelas XII AP 1 SMK Negeri 2 Magelang, Tahun Pelajaran 2016/ 2017*, Thesis: Graduate Programme, Widya Dharma University, Klaten.

The type of this research is an action research whose aim to increase the students' activeness and *geguritan* reading skill of XII AP 1 class at SMK Negeri 2 Magelang using Quantum Learning method.

The subject of this research is the students of XII AP 1 class at SMK Negeri 2 Magelang. There are 35 students which consists of 2 boys and 33 girls students. The research data were obtained from the teacher and student in teaching learning activities using Quantum Learning method. Techniques of collecting the data were carried out through observation, interview, documentation, performance and questionnaire. Validity technique of this research used comparative analysis. The students are success if their scores reach 75 and there is an improvement of 81,25% in *geguritan* reading skill.

The implementation of Quantum Learning method in teaching learning activity of reading *geguritan* shows improvement. The improve of activeness in reading *geguritan* can be seen by the pre-cycle score where there is no active student, fairly active students of 14,28% and students are less active of 85,71%. In the first cycle, there is an improvement of the students' activeness which is very active students of 8,5%, active students of 14,2%, fairly active students of 37,1% and less active students of 40%. In the second cycle, the students' activeness also increased, student are very active of 28,5%, active students of 45,7%, fairly active students of 14,2%, and students are less active of 11,4%.

Keywords: Reading Skill, *Geguritan*, Quantum Learning

BAB I

PURWAKA

A. Lelarahan Prakawis

Guru ing proses pasinaon punika dados bakunipun asil mbotenipun pasinaon ing pendidikan. Guru dados peran kang utama pendidikan kagungan tugas mbimbing, didik lan paring srana dumateng para siswa angenipun sinau ing piwulangan punika. Kanthi teges sanesipun, tenaga pendidik utawi guru katuntut kedah peka lan tanggap anggenipun kemajengan ilmu pengetahuan lan teknologi kang mboten kendat dumugi sakpunika. Guru kedah saget ngetutaken lan kedah saget ugi pinter, prigel babagan kemajengan ilmu pengetahuan lan teknologi kang ngrembaka tanpa kendat.

Upaya ningkataken asil proses pasinaon lan piwulangan, dados tantangan ingkang tansah dipunadepi dening para guru sakpunika. Katah upaya kang sampun kaleksanan kangge damel langkung sae kualitas pendidikan. Katah asil yang kagayuh, sanajan menapa kang kagayuh dereng angsal asil kang ngremekaken, sahingga tasih kedah kerja kang tanpa wates kangge ngrampungaken lan mungkasi menapa ingkang kaanggep awrat lan angel ingkang dipun adepi.

Proses piwulangan pasinaon pelajaran Bahasa Jawa wonten geguyutan kaliyan kabudayan, kebahasaan lan kasusastran. Saking punika dadoskan piwulangan bahasa jawa kang rumiyin dipun ajaraken namung wonten tataran SD dumugi SMP, sakpunika kanti lumantar Perda Provinsi Jawa Tengah nomor 4

Tahun 2012 “tentang penyelenggaraan pendidikan”, lan Perda Propinsi Jawa Tengah nomor 9 tahun 2012 “tentang bahasa dan aksara Jawa”, dadosaken piwulangan muatan lokal bahasa Jawa “wajib” dipunwucalaken ing tataran SD, SMP, SMA lan SMK ing saben minggunipun 2 Jam patemonan.

Gegayutan kaliyan perda gubernur dadosaken guru bahasa Jawa sakpunika baken sanget dipunbetahaken, ananging tasih katah tataran piwulangan bahasa Jawa ingkang mboten dipunwucal dening guru bahasa Jawa, ananging saking guru sanesipun, punika dadosaken piwulangan bahasa Jawa kirang greget, kamangka guru dipun tuntutan kedah saged, prigel babagan materi-materi kabudayan, kebahasaan lan kasusastran, guru dipun tuntutan kedah saged ngrembakaaken kompetensi ingkang sae lan boten uwal guru kedah saged kagungan strategi piwulangan kang nuwuhaken keaktifan, kreativitas, sarta ketertarikan para siswa babagan piwulangan bahasa Jawa, ingkang dadosaken lingkungan pembelajaran kang interatif lan dinamis.

Piwulangan basa Jawi wonten ing kurikulum ngandhut sekawan prekawis, inggih punika ketrampilan nyimak (*listening skills*), ketrampilan wicara (*speaking skills*), ketrampilan maos (*reading skills*), lan ketrampilan nulis (*writing skills*).

Satunggaling aspek ketrampilan basa Jawi ingkang wigati ingkang saged ndadosaken siswa utawi para mudha prigel, kreatif, kritis lan berbudaya inggih punika ketrampilan maos.kanthi kapinteran maos, siswa saged nangkep, paham, lan gampil ngemut-emut menapa ingkang dipun waca. Pratelan punika jumbuh kaliyan pamanggih Harris lan Sipay (ing Winihasih, 2005: 1) mbok bilih kapinteran maos gadhah peran wigati ing bebrayan agung. Kapinteran maos

samsaya langkung wigati awit gesanging warga masyarakat samsaya awrat, awit kemajengan industri lan teknologi mbetahaken tiyang ingkang pinter ing samubarang gawe. Kanthi mekaten mbetahaken tiyang ingkag gadhah kapinteran maos kang saget nguwaosi lan ngonceki ilmu lan teknologi. Ellis, dkk. (ing Winihasih, 2005: 1). mratelakaken bilih ing masyarakat ingkang ‘*melek huruf*’ utawi saget maos-nyerat, babagan maos dados piranti ingkang wigati ingkang saget dipunginakaken ing jaman modern.

Pasinaon sastra ing bahasa Jawa, bakenipun maos Geguritan dereng saged dipun wastani sae. Pasinaon geguritan kalebet kegiatan pementasan/ nampilaken hasil arupa ketrampilan lan kompetensi khusus, dados mekaten guru kedah kagungan peranan kang vital/ utama , bab kasebat trep kaliyan ingkang dipun jlentrehaken dening Sumadi, dkk (1985: 9) menawi guru sastra kedah kagungan peran utama/ aktif nalika paring pasinaon/ mbimbing para siswa supados saged nresnani sastra, kalebet geguritan.

Maos geguritan kalebet salah setunggaling kegiatan ‘apresiasi sastra’. ‘Apresiasi’ sastra saged dipunmaknaaken minangka ulan nepangaken sarta pamahaman dumateng sawijing karya sastra. Dipunandharaken dening Waluyo (2002: 44). Apresiasi geguritan gegayutan kaliyan kegiatan geguritan, inggih punika mirengaken lan maos geguritan kanthi ginakaken wiraga, wirasa lan wirama. Dening nyerat geguritan ‘*mendeklamasikan*’ lan nyerat resensi geguritan. kegiatan punika dadosaken para pamaos lan pamireng saged mangertosi bab geguritan ngantos utuh ing sakjroning batin, ngraosaken menapa ingkang dipunserat pangripta, saged nyerep nilai-nilai kang kakandhut wonten ing

lebetipun geguritan, saged ngajeni geguritan minangka karya sastra seni kanthi kaendahan lan kalemahanipun. Dados para pamaos lan pamireng saged rumasuk ing lebet surasanipun geguritan.

Wigati dipunmangertosi, bilih daya emut siswa biasanipun namung saget ngemut-emut 50% saking menapa ingkang dipunwaos satunggal jam saksampunipun maos, lan wonten ing kalih dinten kanton 30% kemawon (Soedarso, 2004: 74). Miturut pemanggih penulis bilih ing sekolah ketrampilan maos kirang pikanthuk kawigatosan ingkang sae, awit ing kurikulum prakawis maos mboten dipunparingi wekdal ingkang langkung dangu kangge piwulangan.

Adhedasar andharan ing nginggil, piwulangan maos wigati dipuntingkataken kanthi sae tumrapipun guru wonteng ing pasinaonan sekolah, supados siswa pikantuk ketrampilan maos ingkang sae kangge sanggu wonten ing bebrayan agung. Kangge ningkataken asilipun pasinaonan maos ing sekolah, guru saget migunakaken metodhe ingkang langkung pas miturut bahan piwulangan

Siswa biasanipun rumangsa kangelan maca. Babagan punika saget dipahami, awit piwulangan maos ing siswa kelas XII AP 1 (Administrasi Perkantoran) SMK Negeri 2 Magelang, dereng saged nuduhaken asil kang sae babagan maos *geguritan* nalika proses pasinaon ing kelas. Tasih kathah siswa nalika maos *geguritan* ingkang mboten nggatosaken wiraga (*gesture*), wirasa (*penghayatan*), wirama(*irama*) lan wicara (*trep mbotenipun pangucapan/ lafal*). Wirasa nalika maosaken geguritan mboten wonten gregetipun, tasih mboten wonten raosipun, monoton. Dados pasinaon geguritan dereng saged dipun tegesi

asil. Siswa dereng saged nggatosaken aspek-aspek kang kankandhut ing geguritan nalika maos.

Miturut pemanggih panaliti ingkang ugi salah satunggaling guru ing SMKN 2 Magelang, kirangipun prestasi maos geguritan siswa ing kelas XII AP 1 SMKN 2 Magelang dipunsebabaken antawisipun: (1) metodhe/modhel piwulangan maos *geguritan* ingkang dipunagem guru ing pasionan maos kirang *variatif*, awit guru kathah ingkang ngagem metodhe/modhel *klasikal*, lan ceramah; (2) materi piwulangan maos geguritan ingkang dipunparingaken guru kirang narik kawigaten siswa, awit namung ngandalaken buku paket ingkang sampun cumawis mboten gunakaken referensi buku sanesipun; (3) *Partisipasi aktif* siswa wonten ing proses piwulangan maos geguritan tasih kirang, lan namung kathah nampi andharan guru. Bab punika amargi guru ngagem modhel *klasikal* lan kathah migunakaken ceramah; (4) Guru tasih nguwaosi wekdal piwulangan saking wiwitan dumugi pungkasan piwulangan, lan dereng paring kesempatan dhateng siswa kangge *partisipasi aktif* kados dene siswa saget *interaksi* lan wawanrembag.

Kangge damel kahanan piwulangan ingkang saget nyenengaken siswa lan kangge nggayuh ancasing pasinaon, pramila babagan kang saget dipunlampahi guru inggih punika nyurung *partisipasi aktif* siswa ing proses piwulangan. Kangge ningkataken metodhe piwulangan ingkang *efektif* lan *efisien*, guru supados ninggalaken *paradigma* lami, ingkang ngaggep pikiran siswa kados kertas kosong ingkang pethak resik lan siap nunggu corekan gurunipun utawi nganggep otak manungsa *ibarat* botol kosong ingkang siap dipunisi sak kathah-kathahipun ilmu lan pemanggihipun guru (John Locke ing Lie, 2008:2).

Kangge ningkataken piwulangan maos, guru supados ngagem metodhe/modhel piwulangan ingkang saget ndadosaken kahanan kelas ingkang *kondhusif* ingkang saget paring kesempatan marang siswa kangge *interaksi* lan tukar pamikiran lan saged nampilaken kabisanan maos geguritan ing ngajengipun tiyang kathah. Salah satunggalipun metodhe/modhel piwulangan ingkang saget nyurung *keterlibatan aktif* siswa wonten ing proses piwulangan inggih punika kanthi metodhe *Quantum Learning* teknik TANDUR (Tumbuhkan, Alami, Namai, Demonstrasikan, ulangi, Rayakan). Metode *Quantum Learning* ingkang dipun bakenaken inggih punika nyepetaken ing pasinaon, fasilitasi, lan konteks kanthi prinsip sedayanipun saged ngendikan, sedayanipun kanthi tujuan, pengalaman sakderengipun pamanggih, ngakoni saben ulan pasinaon, lan menawi layak dipun ‘rayakan’.

Metodhe punika langkung saged paring kesempatan dumateng para siswa nalika pasinaon kanthi ngginakaken unsure kang wonten ing diri pribadinipun siswa piyambak lan kahanan pasinaon nalika interaksi kang kadadosan ing kelas. Metodhe *Quantum Learning* teknik TANDUR mapanaken siswa minangka subjek pasinaon, siswa aktif, dinamis ing proses piwulangan. Punika sarujuk kaliyan pitados Sugiyanto (2008: 70) *Quantum Learning* musataken kapitadosan wonten ing interaksi kang bermutu lan berkmakna, mboten namung transaksi makna. Saget dipun andharaken interaksi sampun dados kata kunci lan konsep sentral ing pasinaon *Quantum*. Penerapan *Quantum Learning* ing pasinaon basa Jawi dipun antu-antu saged dadosaken siswa saged tresna lan saged mina ting pasinaon maos geguritan.

Methodhe punika mastekaken minangka siswa ngalami pasinaon, latihan lan nyinaoni saking realitas utawi pengalaman, lan pungkasanipun saged nggayuh kasuksesan ing pasinaon. Pasinaon punika bakenaken kebermaknaan lan kebermutuan proses pasinaon. Gegayutan andharan ing nginggil, panaliten badhe ngudhar kawigatosan babagan ningkataken ketrampilan maos geguritan kanthi methodhe *Quantum Learning* ing siswa kelas XII AP 1 SMK Negeri 2 Magelang.

B. Rumusaning Prakawis

Adhedasar lelarahan prakawis ing nginggil, rumusaning prakawis panaliten saget kababar ing ngadap punika.

1. Menapa panerapan Metode *Quantum Learning* teknik TANDUR saged ningkataken keaktifan siswa ing pasinaon maos geguritan ing kelas XII AP 1 SMK Negeri 2 Magelang?
2. Menapa panerapan metode *Quantum Learning* teknik TANDUR saged ningkataken ketrampilan siswa ing maos geguritan ing kelas XII AP 1 SMK Negeri 2 Magelang?

C. Ancasing Prakawis

Sarujuk kaliyan kawigatosan panaliten ing nginggil, ancasing saking panaliten inggih punika.

1. Kangge Mangertosi menawi metode *Quantum Learning* teknik TANDUR saged ningkataken keaktifan siswa ing pasinaon maos geguritan ing siswa kelas XII AP 1 SMK Negeri 2 Magelang.
2. Kangge Mangertosi menawi metode *Quantum Learning* teknik TANDUR saged ningkataken ketrampilan siswa ing maos geguritan ing siswa kela XII AP 1 SMK Negeri 2 Magelang.

D. Mupangating Paneliten

Kasile panaliten kaajap saget mumpangati dhumateng:

1. Ningkataken pangertosan guru, mliginipun guru basa Jawi kangge ningkataken piwulangan maos geguritan kanthi efektif lumantar pendekatan *Quantum Learning* teknik TANDUR.
2. Ningkataken keaktifan pasinaon lan kepinteraning siswa babagan maca geuritan.
3. Saget dipunagem kangge rujukan paneliti sanes kangge manaliti prakawis piwulangan maos geguritan kanthi langkung *detail*.

BAB V

DUDUTAN, IMPLIKASI SAHA SARAN

A. Dudutan

Adhedhasar asil paneliten saha pembahasan saged dipunpendhet dudutan menawi keaktifan saha ketrampilan maos geguritan wonten ing pasinaon siswa kelas XII AP 1 SMK Negeri 2 Magelang saged ningkat lumantar panerapan metode *Quantum Learning*.

Minangka paningkatan kasebat saged dipunjabaraken kadosta :

1. Panerapan metode *Quantum Learning* teknik TANDUR saged ningkat keaktifan ing pasinaon maos geguritan siswa. Keaktifan siswa ing pasinaon maos geguritan katuduhaken kanthi antusias karemenan nalika kaleksanan pasinaon. Siswa kagungan kawigatosan ing kaleksanan diskusi, gladhi maos geguritan, aktif ngrespon maos geguritan, saha nyatet panjelasan saking dwija. Keaktifan siswa ing pasinaon kabagi kanthi tingkatan, wiwit saking siswa ingkang sanget aktif, aktif, cekap aktif saha kirang aktif. Keaktifan siswa ing pasinaon maos geguritan ngalami peningkatan kang signifikan. Bab punika saged katingal saking asil tes unjuk kerja. Wonten ing siklus kapisan, siswa, wonten 3 siswa ingkang sanget aktif utawi 8,5% saking jumlah siswa sedayanipun inggih punika 35 siswa. Wondene siswa ingkang aktif kathahipun 5 siswa utawi 14, 2%., lajeng siswa ingkang cukup aktif wonten 13 siswa utawi 37, 1 %. Siswa kirang aktif 14 siswa utawi 40 %. Adhedhasar data kasebat nalika proses pasinaon maos geguritan

kaleksanan tasih wonten siswa ingkag kirang aktif nalika pasinaon kaleksanan. Wonten siklus kaping kalih kathah kemajengan utawi peningkatan ingkang signifikan. Siswa sanget aktif wonten 10 siswa siswa utawi 28,5 % ingkang sanget aktif, 16 siswa utawi 45,7 % aktif, 5 siswa utawi 14,2 % cekap aktif saha 4 siswa utawi 11,4 % siswa ingkang kirang aktif. Mersani asil kasebat keaktifan siswa cekap sae kanthi ngalami peningkatan kang signifikan.

2. Panerapan *Quantum Learning* teknik TANDUR saged ningkataken ketrampilan maos geguritan. Peningkatan ketrampilan maos geguritan katuduhaken siswa kanthi penampilan siswa nalika *mengekspresikan* geguritan lumantas aspek wiraga (*ekspresi*), wicara (*pelafalan*), wirasa (*penghayatan*), wirama (*intonasi*). Siswa sampun saged maos geguritan kanthi wicara ingkang sae, siswa sampun saged mbntenaken swanten “dha” saha “da”, “tha” saha “ta”. Pengaturan tempo ing pamaosan sae, sampun saged maos kanthi swanten lirih, banter, lembut saha swanten minggah jumbuh kaliyan surasa geguritan. Aspek wiraga ugi katerapaken kanthi sae. Gerakan kang dipun ginakaken nalika maos geguritan antawisipun asta ngegem saha asta diangkat inggil, ngobahaken sirah, nggeser suku ing kiwa saha tengen, majeng saha mundur jumbuh kaliyan surasa geguritan kang kawaos. Wonten ing siklus kapisan 3 siswa ingkang sanget aktif utawi 8,5% saking jumlah siswa sedayanipun inggih punika 35 siswa. Wondene siswa ingkang aktif kathahipun 5 siswa utawi 14,2%, lajeng

siswa ingkang cukup aktif wonten 13 siswa utawi 37, 1 %. Siswa kirang aktif 14 siswa utawi 40 %. Wondene ing siklus kaping kalih 10 siswa utawi 28, 5 % ingkang sanget aktif, 16 siswa utawi 45, 7 % aktif, 5 siswa utawi 14, 2 % cekap aktif saha 4 siswa utawi 11, 4 % siswa ingkang kirang aktif. Pramila wonten siklus kaping kalih sampun njengapi nggayuh indikator kang sampun katemtokaken sakderengipun.

B. Implikasi

Paneliten tindakan kelas “ Ningkataken Ketrampilan Maos Geguritan Kanthi Metode Quantum Learning Ing Siswa Kelas XII AP 1 SMK Negeri 2 Magelang Tahun 2016/ 2017” kaleksanan kalih siklus kanthi tujuan kangge ningkataken keaktifan siswa saha saged ningkataken ketrampilan maos geguritan. Adhedhasar dudutan kasebat panerapan *Quantum Learning* saged dipunaplikasikaken kanthi pasinaon maos geguritan kanthi sae. Panerapan metode kasebat kabukti saged memotivasi siswa, damel siswa remen, antusias saha aktif ing pasinaon maos geguritan.

Ketrampilan maos geguritan siswa kedahipun terus dipungladi kanthi ajeg, supados siswa langkung luwih remen malih supados tambah semangatipun. Pasinaon *Quantum Learning* sanget nekenaken wonten ing makna saha mutunipun nalika proses. Pramila pengalaman siswa nalika ing pasinaon kaleksanan kautamaaken. Faktor dwija sanget nemtokaken ugi ing asilipun pasinaon. Dwija kedhah saged dados mediator saha fasilitator kangge ngembangaken kompetensi ingkang dipungayuh dening

siswa. Salah satunggaling upaya dwija inggih punika kanthi milih metode pasinaon kang tepat sarta katerapaken kanthi sae.

Dwija kagungan peran kang sanget wigati nalika nemtokaken asil ing pasinaon. Mboten sagedipun nalika siswa maos geguritan menika saking kirangipun kreativitas dwija nalika milih saha nerapaken metode pasinaon. Metode *Quantum Learning* ing pasinaon maoa geguritan manggenaken biji saha kayakinan sak wigati pundi pasinaon punika kaleksanan kanthi sae. Metode punika asil katerapaken ing pasinaon maos geguritan kanthi ngutamakaken keberagaman saha kabebasan nalika interaksi ing pasinaon.

Konsep TANDUR ing metode punika dadosaken siswa remen saha minat wonten ing pasinaon. Proses menika mastekaken siswa ngalami proses pasinaon kanthi sae, gladhi saha pungkasanipun nggayuh kasuksesan ing pasinaon. “Tumbuhkan” paring dampak positif kangge siswaamargi saged paring motivasi, paring kapuasan utawi raos kepengen mangertosipun siswa. Sahingga siswa penasaran saha tertarik kaliyan pasinaon maos geguritan. “Alami” paring pengalaman siswa kangge sinau saha pados pengetahuan ingkang dipunpengenaken kanthi alami. “Namai” paring utawi saged nggayuh menapa ingkang dipun betahaken siswa nalika minat siswa wiwit tumbuh.

“Demonstrasikan” paring kesempatan dumateng siswa kangge nerapaken pengalamannipun kanthi nglaksanakaken unjuk kerja, sahingga siswa menghayati menapa ingkang dados pengalamannipun. “Ulangi”

paring kesempatan siswa kangge ngulang utawi baleni menapa ingkang sampun dipun pikantuk, sahingga pamaosan geguritan langkung maksimal.

“Rayakan” damel siswa nalika ing pasinaon maos geguritan langkung semangat. Menapa ingkang sampun kaleksanan dening siswa ing pasinaon prelu dipunparingi apresiasi kanthi merayakan kanthi sesarengan. Perayaan paring dampak positif ing pasinaon maos geguritan. Faktor dwija, siswa saha metode pasinaon kagungan gandheng ceneng ingkang sanget strategis nalika nggayuh asil sinau siswa. Pramila, sedaya prelu dipunusahaaken kanthi maksimal supados kagiyatan saged urip ngrembaka kanthi lancar.

C. Saran

Adhedhasar dudutan asil paneliten, paneliti ngajukaken saran-saran kadosta :

1. Dwija

- a. Dwija katuntut saged ningkataken keaktifan siswa nalika ing pasinaon, khususipun ing pasinaon maos geguritan. Supados siswa termotifasi, remen ing pasinaon, pramila dwija kedah saged milih metode pasinaon ingkag trep saha saged nerapaken kanthi sae.
- b. Saben aktivitas pasinaon prelu ngajak siswa. Amargi siswa nalika ing pasinaon menika ingkag utama, amargi siswa menika subjek sinau.

c. Dwija dipunkajengaken saged mangertosi kabetahan siswa. Sarta nuwuhaken raos percaya diri nalika nglaksanakaken proses pasinaon.

2. Sekolah

Sekolah langkung saged malih paring fasilitas sarana saha prasarana penunjang pasinaon, sahingga saged kaleksanan pasinaon kanthi sae, trep, jumbuh kaliyan indikator khususipun maos geguritan.

KAPUSTAKAN

- Ahmad, Listiyanto. 2010. *Speed Reading: Teknik dan Metode Membaca Cepat*. Yogyakarta: Aplus book.
- Bobby DePorter, dkk. 2012. *Quantum Teaching*. Terjemahan. Bandung: Kaifa.
- Cahyani, Kristin. 2012. *Pengaruh Pendekatan Quantum Learning dan Minat Belajar Terhadap Kemampuan Mengapresiasi Puisi*. Tesis. Program Studi Pendidikan Bahasa Indonesia Pascasarjana UNS.
- Departemen Pendidikan Nasional. 2003. *Kurikulum 1994 Pedoman Khusus Pengembangan Silabus dan Rencana Pelaksanaan Pembelajaran Sekolah Menengah Atas*. Jakarta: Media Pustaka.
- Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Tengah. 2013. *Kurikulum 2013 Mata Pelajaran Muatan Lokal Bahasa Jawa SMA/ MA/ SMALB/ SMK/ SMAK Negeri dan Swasta Provinsi Jawa Tengah*. Semarang: Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Tengah
- Evi Fajriah, Noor. 2014. *Peningkatan Keterampilan Menulis Karangan Narasi Dengan Menggunakan Metode Quantum Learning Pada Siswa Tkj SMK (Ptk Di SMK Muhammadiyah Kudus)*. Tesis. Program Studi Pendidikan Bahasa Indonesia Pascasarjana UNS.
- Hu, Zeyuan. 2010. On Hourglass Model Of Poetry Teaching in College English Class in China. *Journal of Language Teaching and Research*. Vol. 1 (5). Pp 636-639.
- Kasmini. 2011. *Upaya Meningkatkan Keterampilan Membaca Pemahaman dengan Pendekatan Quantum Learning pada Siswa Kelas XI IPS 2 MAN Madiun Tahun Pelajaran 2011/ 2012*. Program Studi Pendidikan Bahasa Indonesia Pascasarjana UNS.
- Kosasih, E. 2012. *Dasar-dasar Keterampilan Bersastra*. Bandung: Yrama Widya.
- Meleong, J. Lexy. 1996. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosdakarya.
- Purbayanti, Rita. 2012. *Peningkatan Keterampilan Menyimak Puisi Melalui Metode Quantum Learning Pada Siswa Kelas X6 Man 2 Madiun Tahun Ajaran 2011/ 2012*. Program Studi Pendidikan Bahasa Indonesia Pascasarjana UNS.
- Setiawan, Heri. 2014. *Mumpuni Bahasa Jawi 3 Kangge Kelas XII SMA/MA/ SMALB/ SMK/ MAK*. Surakarta. Tiga Serangkai.
- Setiyadi, Dwi Bambang Putut, Widodo Aribowo; & Uswatun Khasanah. 2015. *Baud Basa Jawa*. Klaten : Intan Pariwara.

- Slamet. St. Y. 2009. *Dasar-dasar Keterampilan Berbahasa Indonesia*. Surakarta: UNS Press.
- Soedarso, 1988. *Sistem Membaca Cepat dan Efektif*. Jakarta: Gramedia.
- Subalidinata. 1994. *Kawruh Kasusastran Jawa*. Yogyakarta: Yayasan Pustaka Nusantara.
- Sugiyanto. 2008. *Model-model Pembelajaran Inovatif*. Surakarta: UNS.
- Sukidin, dkk. 2010. *Manajemen Penelitian Tindakan Kelas*. Surabaya: Insan Cendekia.
- Sumardi, Sarwiji. 2011. *Penelitian Tindakan Kelas (PTK) dan Penulisan Karya Ilmiah*. Surakarta: Yuma Pustaka.
- Suwwandi, Sarwiji. 2011. *Penelitian Tindakan Kelas (PTK) dan Penulisan Karya Ilmiah*. Surakarta: Yumma Pustaka
- Suyatno. 2009. *Menjelajah Pembelajaran Inovatif*. Sidoarjo: Masmmedia Buana Pustaka.
- Tarigan, Henry Guntur. 2008. *Membaca Sebagai Suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa.
- Waluyo, Herman J. 2010. *Pengkajian dan Apresiasi Puisi*. Salatiga: Widya Sari.
- _____ . 2002. *Apresiasi Puisi*. Jakarta: Gramedia.
- Winihasih, 2005. *Diagnosis Kesulitan Membaca Permulaan Siswa SD/MI Melalui Analisis Reading Readiness*. Jurnal Sekolah Dasar, Tahun 14, Nomor 1, Mei 2005
- Zuchdi, D dan Budiasih. 1996/1997. *Pendidikan Bahasa Indonesia di Kelas Rendah*. Jakarta: Proyek Pengembangan PGSD Dirjen Dikti Depdikbud.